



Echèl Sekou Ensandi



Si ou viv nan yon kay plizyè etaj, yon echèl sekou ka sove lavi w. Lè ou bezwen li, kroke pati anlè echèl la sou rebò fenèt la e lage li deyò fenèt la. Asire w ke ou swiv enstriksyon fabrik la.



Kisa pou chèche

- Ba an fè- se yon ba an fè ki genbe bawo echèl la lwen de bò kay la
- Limit pwa- echèl la sipoze bon pou omwens 1000 liv
- Ase wo- dabitid 15 pye pou de etaj, e 25 pye pou twa etaj.
- Echèl pou evakyasyon ensandi ka achete sou entènet oswa nan pifò magazen kenkayri
- Lè ou fin achete echèl la, **asire w ke li bon pou fenèt** ou dedye pou li a
- Fè moun ki gen echèl la pratike deplwaye li ak itilize li
- Asire w ke moun nan ka rive pran echèl la e gen aksè kote li ranje a
- Konnen kote echèl la ranje e kòman pou itilize li
- **Gen de jan pou sòti de chak pyès kay**
- Si sa mande yon echèl, prepare, achtel kounye a



Pratike! Pratike! Pratike!

EXCELLENCE TODAY



IMPROVING TOMORROW